**Belgilengen wazıypalardı orınlaw boyınsha 2025-jıldıń III-shereginde ámelge asırılǵan jumıslar**

Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarmasında ótkerilgen Keńestiń keńeytilgen májilisin Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması baslıǵı T.Ǵaniev ashıp berdi hám májilis kún tártibi menen qatnasıwshılardı tanıstırıp ótti.

Sonıń menen birge, Milliy statistika komitetiniń 2025-jıl 27-noyabr kúni bolıp ótken Kollegiya májilisinde kórip shıǵılǵan máselelerge ayrıqsha itibar qaratıldı. Bul Kollegiya májilisin Milliy statistika komitetiniń Baslıǵı Xamraev Bekzod Saylixanovich alıp bardı. Onda mámleketlik statistika sistemasında ámelge asırılıp atırǵan reformalar, usı jıldıń birinshi yarım jıllıǵındaǵı jumıs nátiyjeleri, bar mashqalalar, jol qoyılǵan kemshilikler hám olardı saplastırıw boyınsha belgilengen tiykarǵı wazıypalar tolıq dodalanǵanı atap ótildi.

Májiliste, sonıń ishinde, kadrlar potencialınıń jeterli emesligi, basshılardıń jumısındaǵı qanaatlandırarsızlıqlar, kadrlar menen islesiw sistemasın túp-tiykarınan qayta kórip shıǵıw zárúrligi atap ótildi. Xızmetkerlerdiń tarawlıq bilim hám kónlikpelerin bekkemlew, tallaw qábiletin arttırıw boyınsha anıq ilajlar belgilendi.

Sonday-aq, Prezidenttiń PP-27-sanlı Pármanı hám PP-75-sanlı Qararında belgilengen wazıypalardıń orınlanıwı, málimleme sistemaların integraciyalaw, esabat júgin azaytıw, esabatlardı avtomatlastırıw hám qayta islew processlerin nátiyjeli jolǵa qoyıw áhmietli ekenligi atap ótildi. Bul hújjetler xızmetkerler tárepinen jeterli dárejede úyrenilmegenligi sınǵa alındı.

Basqarma hám bólim basshılarınıń aymaqtıń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwına baylanıslı barlıq kórsetkishlerdi biliwi, kárxanalardıń jumısın tereń tallaw qábiletine ie bolıwı shárt ekenligi atap ótildi.

Májiliste, sonıń ishinde, kadrlar potencialınıń jeterli emesligi, basshılardıń jumısındaǵı qanaatlandırarsızlıqlar, kadrlar menen islesiw sistemasın túp-tiykarınan qayta kórip shıǵıw zárúrligi atap ótildi. Xızmetkerlerdiń tarawlıq bilim hám kónlikpelerin bekkemlew, tallaw qábiletin arttırıw boyınsha anıq ilajlar belgilendi.

Sonday-aq, Prezidenttiń PP-27-sanlı Pármanı hám PP-75-sanlı Qararında belgilengen wazıypalardıń orınlanıwı, málimleme sistemaların integraciyalaw, esabat júgin azaytıw, esabatlardı avtomatlastırıw hám qayta islew processlerin nátiyjeli jolǵa qoyıw áhmietli ekenligi atap ótildi. Bul hújjetler xızmetkerler tárepinen jeterli dárejede úyrenilmegenligi sınǵa alındı.

Basqarma hám bólim basshılarınıń aymaqtıń social-ekonomikalıq rawajlanıwına baylanıslı barlıq kórsetkishlerdi biliwi, kárxanalardıń jumısın tereń tallaw qábiletine ie bolıwı shárt ekenligi atap ótildi.

Sonıń ishinde, dáslepki maǵlıwmatlarǵa bola, 2025-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında Jalpı aymaqlıq ónimnıń kólemi aǵımdaǵı bahalarda 36 814,1 mlrd. sumdı quradı hám 2024-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 106,1%ti quradı.

Respublika kárxanaları tárepinen 2025-jıldıń yanvar-sentyabr ayları dawamında 20 269,2 mlrd. sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan bolıp, sanaat óndirisiniń fizikalıq kólemi indeksi 102,6% ti quradı.

Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónimleri (xızmetleri) niń ulıwma kólemi 12 129,3 mlrd. sumdı qurap, 2024-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósiw páti 104,3% ke jetti.

2025-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında investiciyalıq jedelliktiń artqanı baqlanıp, tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalar kóleminiń 2024-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósiw páti 116,1% ti quradı. Respublikada jámi 7 306,8 mlrd sumlıq qurılıs jumısları orınlanıp, ósiw páti 110,4% ke teń boldı.

Dáslepki maǵlıwmatlarǵa bola, 2025-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında kórsetilgen bazar xızmetleriniń kólemi 23 627,1 mlrd. sumdı, 2024-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósiw páti 111,3%ti quradı.

Usaqlap satıw tovar aylanısı 10 590,5 mlrd. sumdı qurap,
2024-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 109,7% ke ósti. Respublikanıń sırtqı sawda aylanısı 2025-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında 516,1 mln. AQSh dolların, sonıń ishinde eksport 308,2 mln. AQSh dolların hám import 207,9 mln. AQSh dolların quradı.

Mámleketlik xızmetler orayı tárepinen dizimnen ótkerilgen kárxana hám shólkemlerdiń sanı 2025-jıldıń 1-oktyabr jaǵdayına bola (fermer hám diyqan xojalıqlarınan tısqarı) 30 399 dı qurap, olardan 23 166 yamasa 76,2 % i jumıs alıp barmaqta. 2025-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında respublikamızda 3 046 kárxana hám shólkemler jańadan shólkemlestirildi.

Dáslepki maǵlıwmatlarǵa bola, 2025-jıldıń 1-oktyabr jaǵdayına respublikamız boyınsha turaqlı xalıq sanı 2 046,9 mıń adamdı qurap, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 24,4 mıń adamǵa, yaǵnıy 1,2 procentke kóbeydi.

Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarmasınıń baslıǵı T.Ǵaniev májilis dawamında kún tártibine muwapıq, sistemada "Statistika baǵdarlaması"nıń orınlanıwı hámde májilistiń 2025-jıldıń II yarım jıllıq jumıs rejesine kirgizilgen ilajlardıń orınlanıwı boyınsha basqarmanıń juwapkerleri tárepinen esabatlar beriw

procesinde hár bir másele hár tárepleme dodalanatuǵınlıǵın atap ótti hám kún tártibindegi gezektegi máselelerdiń dodalanıwına ótiletuǵınlıǵın atap ótti.